

SAFETY PLAN

Prevention of Child Abuse and Maltreatment

Non konplè: _____ Dat: _____

Men dwa mwen genyen antankoutimoun:

Pou mwen viv nan yon anviwònman ki san danje.

Pou mwen gen paran oswa moun k ap bay swen ki pou okipe m.

Pou mwen manje twa (3) fwa pa jou, mete rad pwòp sou mwen, epi viv nan yon kay.

Pou mwen gen vi prive lè m bezwen l.

Pou mwen ale lekòl nan yon anviwònman ki san danje, kote yo trete m menm jan ak elèv parèy mwen yo.

Pou yo disipline mwen san yo pa itilize vyolans.

Pou yo entegre m kèlkeswa ras mwen, relijyon m, oswa kapasite mantal oswa fizik mwen.

Pou mwen viv san m pa viktim abi fizik, vèbal, oswa emosyonèl.

Pou mwen viv san mwen pa sibi abi seksyèl, tizonnay, oswa eksplwatasyon sou okenn fòm.



KOTE KI AN SEKIRITE:

Si m pa santi m an sekirite kote m ye a, m kapab ale nan youn nan kote sa yo ki san danje:

- _____
- _____
- _____

MOUN KONFYANS:

Se moun mwen fè konfyans mwen kapab rele pou m mande èd. Yo kapab pwoteje mwen.

- Non konplè: _____ Nimewo: _____
- Non konplè: _____ Nimewo: _____
- Non konplè: _____ Nimewo: _____
- Non konplè: _____ Nimewo: _____

Konsève plan sa a yon kote ki an sekirite.

PLAN SEKIRITE

Prevansyon Abi ak Move Tretman sou Timoun

NIMEWO IJANS YO:

Mwen kapab rele youn nan nimewo ijans sa yo pou m mande èd si m viktim nenpòt fòm abi, neglijan, oswa move tretman. Si mwen nan danje imedyà, mwen ta dwe rele 911.

911 (pou nenpòt ijans)

Liy Asistans pou Abi sou Timoun: 1 -800-422-4453

Liy Asistans pou Vyolans nan Kay: 1 -800-799-7233

Liy Asistans Nasyonal pou zafè Trafik Moun: 1-888-373-7888

ANGAJMAN GRANMOUNKI RESPONSAB LA:

Antanke granmoun ki responsab jèn moun nan, men sa m ap fè pou m asire sekirite I:

M ap reponn ak bezwen fondamantal jèn moun nan epi fè li pran bon abitud: manje, rad, swen medikal, elatriye.

M ap asire mwen voye je sou jèn moun kòmsadwa. Men fason nou prevwa voye je sou li:

Disipline jèn moun nan kòmsadwa, san itilize vyolans. Pa egzanp:

Fikse règ ak atant ki apwopriyepou jèn moun nan. Men règ nou genyen nan kay la:

Mwen konfime nou te pale sou Plan Sekirite ki pi wo a epi nou te dakò sou li.

Non Konplè Jèn Moun nan	Siyati Jèn Moun nan	Dat
Non Konplè Granmounki Responsab la	Siyati Granmounki Responsab la	Dat
Non Konplè Asistan Sosyal la	Siyati Asistan Sosyal la	Dat

Konsève plan sa a yon kote ki an sekirite.